



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE KONKLIZYON TOUNE EKOUT LWA SOU OBLIGASYON ANVIWÒNMANTAL DLO PWÒP, LÈ PWÒP AK TRAVAY VÈT LA

Plis pase 1,000 Nouyòkè te patisipe nan prezantasyon edikatif an pèsòn ak vityèl atravè Eta a

Opòtinite adisyonèl pou bay opinyon sou aplikasyon Lwa sou Obligasyon an ap kontinye, tankou [sòmèt lide pwojè](#) ak kòmante sou gid finansman yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konklizyon yon toune edikatif nan 10 pwen ki pote siksè pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) la ki koute 4.2 milya dola a epi li te ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye rete angaje nan aplikasyon opòtinite finansman istorik sa a. Toune pou ekout edikatif la se jis yon pati angajman Eta a pou yon pwosesis kolaboratif ak transparan nan livrezon fon Lwa sou Obligasyon an. Sesyon yo te bay yon opòtinite pou piblik ak potansyèl aplikan pou finansman yo aprann plis sou Lwa sou Obligasyon an epi kòmmanse diskisyon sou direktiv y ap devlope pou idantifye pwojè potansyèl yo. Pwochn faz patisipasyon an deja sou pye, ak ide pwojè yo ap mande pou evalye enterè ak bezwen kominote yo, patikilyèman moun ki pi vilnerab fas ak polisyon ak enpak klimatik, ak opòtinite kontinyèl pou piblik la kòmante sou gid pou pwogram ki deja egziste oswa nouvo pwogram yo pou distribye finansman.

"Mwen remèsye Nouyòkè yo ki te soti pou aprann plis sou opòtinite finansman inik sa a ki pral ede transfòme epi pwoteje kominote nou yo kont defi anviwònmanal, ekonomik ak sekirite piblik chanjman klimatik la koze", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta nou an angaje l pou l asire inisyativ sa a rete kolaboratif ak transparan pou nou kapab adapte pwogram yo pou nou ka delivre resous nesèsè sa yo avèk siksè bay gouvènman nou an ak patnè kominotè yo a."

Toune ekoute edikatif la te angaje pati konsène sa yo ak lòt Nouyòkè ki enterese yo pandan uit sesyon an pèsòn ak de sesyon vityèl lè li te bay opòtinite pou aprann sou kalite pwojè Lwa sou Obligasyon an kapab sipòte, finansman ki disponib pou chak kategori, enfòmasyon sou priyorite avantaj yo pou kominote defavorize yo, ak fòmasyon nan direktiv kalifikasyon kòm pwochen etap la nan pwosesis aplikasyon an.

Reprezantan gouvènman lokal yo, jistis anviwonmantal ak lòt òganizasyon defans kominotè yo, reprezantan devlopman ekonomik, ak rezidan ki te afekte pa inondasyon ak lòt enpak klimatik yo te pami plis pase 1,000 patisipan ki te rejwenn Komisè yo ak lòt lidè ajans eta yo pandan prezantasyon yo ak opòtinite pou koute kesyon ak enkyetid yo. Ajans ki te patisipe nan sesyon yo enkli Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC), Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA, òporasyon Enstalasyon Anviwonmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC), Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Housing and Community Renewal, HCR)/Kay ak Kominote Rezistan (Resilient Homes and Communities, RHC), Ajans Pak Adirondack (Adirondack Park Agency, APA), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM), ak Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY), pou site sa yo sèlman.

Eta a te kreye tou yon sondaj ki baze sou entènèt - <https://bit.ly/BondActSurvey> - pou kolekte lide pwojè potansyèl nan men tout aplikan potansyèl yo ak moun ki enterese yo. Yo deja kolekte dè santèn kandidati jiska dat epi sondaj la ap rete ouvè jiska omwen 15 septanm 2023. Sondaj la se pa yon aplikasyon fòmèl pou finansman, men olye de sa li ede minisipalite yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt Nouyòkè pataje pwojè potansyèl ak opinyon sou mekanis finansman Eta a ki egziste deja pou ede kolekte opinyon sou kalite pwojè kominote yo ka vle sipòte ak resous Lwa sou Obligasyon yo.

Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt istorik la ki te apwouve alinanimite pa elektè yo otòn pase a, se pi gwo obligasyon anviwonmantal nan istwa eta a epi se premye nan New York depi 1996. Lwa sou Obligasyon an pral mete 4.2 milya dola disponib pou pwojè anviwonmantal ak kominotè ki sipòte tou kreyasyon djòb ak yon gwo investisman nan inisyativ Lekòl Vèt Pwòp yo ki pral sèvi plis pase 1,000 lekòl piblik ki pa gen ase resous. Lè nou rekonèt popilasyon vilnerab yo afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl akòz enpak negatif sou anviwonman ak chanjman klimatik, 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan benefis Lwa sou Obligasyon yo pral dirije nan direksyon kominote ki defavorize yo.

Espesyalman, Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal la otorize:

- 1.5 milya dola pou rediksyon chanjman klimatik;
- 1.1 milya dola pou restorasyon ak rediksyon risk inondasyon;
- 650 milyon dola pou amelyorasyon nan kalite dlo ak enfrastrikti rezistan;
- 650 milyon dola pou konsèvasyon ak lwazi nan espas ouvè; epi
- 300 milyon dola pou lòt pwojè ki pa espesyalman afekte nan Lwa a.

Ajans eta yo, gouvènman lokal yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt moun ki gen enterè yo pral kapab jwenn aksè nan finansman Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal la

pandan yon pwosesis ki dire plizyè ane. Kounye a yon gwoup travay ant plizyè ajans ap idantifye bezwen pou finansman anviwònmanal atravè eta a epi devlope lojistik pwogram pou aplikasyon Lwa sou Obligasyon an. Yo pibliye tout direktiv elijiblite yo pwopoze yo pou yon peryòd kòmantè piblik, jan yo note sa nan opòtinite aktyèl la ki disponib [pou gide omwen 500 milyon dola nan finansman pou otobis lekòl ak enfrastrikti zewo emisyon yo](#)

Aprè peryòd kòmantè piblik la pou pwojè direktiv elijiblite pou finansman enfrastrikti dlo, Gouvènè Hochul te anonse disponiblite premye faz lajan Lwa sou Oligasyon yo byen bonè nan ete sa a, ak 200 milyon dola ki enkli ak lòt finansman enfrastrikti dlo eta a pou yon total 425 milyon dola a. Dat limit aplikasyon an te fèmen pi bonè mwa sa a apre yon ekstansyon de semèn pou pèmèt plis kominote ki te frape di pa inondasyon an nan mwa jiyè a pou yo aplike. Yo ap revize aplikasyon yo kounye a, men lòt pwogram Lwa sou Oligasyon an ak opòtinite finansman yo ap kontinye disponib, ansanm ak opòtinite kontinyèl pou finansman eta ak federal yo ofri regilyèman.

Nouyòkè ki enterese aprann plis sou Lwa sou Oligasyon an ka jwenn enfòmasyon jeneral sou inisyativ enpòtan ki koute 4.2 milya dola sou sitwèb Lwa sou Oligasyon nan www.ny.gov/BondAct. Sit la gen ladan tou anrejistremant de reyinyon vityèl yo, enfòmasyon jeneral sou pwogram finansman eta ak federal ki egziste deja ki konpleman objektif Lwa sou Obligasyon yo epi ki ka ede ogmante fon Lwa sou Obligasyon yo, ak yon lyen ki mennen nan sondaj sou lide pwojè a, pou site enfòmasyon sa yo sèlman. Sit la ap kontinye aktyalize epi moun ki enterese yo kapab tou rantre nan yon lis adrès pou jwenn mizajou nan BondAct@dec.ny.gov.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Toune ekout la se te yon opòtinite ekselan pou konekte ak plizyè santèn Nouyòkè atravè eta a epi non sèlman edike yo sou chaj espesifik Lwa sou Obligasyon an, men tou pou tandè kijan yo anvizaje pou resous Lwa sou Obligasyon yo reyalize nan kominote pa yo. Mwen ankouraje tout moun ki gen enterè yo pou yo kontinye angaje ak DEC ak patnè nou yo pandan n ap devlope fondasyon Lwa sou Obligasyon yo pou sipòte pwojè dirab ki pral benefisye eta nou an pandan anpil jenerasyon."

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Toune ekout la te yon okasyon ki rich pou tandè gouvènman lokal yo, patnè kominotè yo ak moun ki soti toupatou nan New York sou pwojè anviwònmanal ke kominote pa yo pi bezwen. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye konvèsasyon sa yo pandan n ap kòmanse lanse pwojè yo pou kreye yon anviwonman ki pi an sante, avanse jistis anviwònmanal, adrese chanjman klimatik yo, ak elaji aksè ak lwazi deyò."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Li enpòtan pou desizyon sou fason Eta New York pral investi finansman Lwa sou Obligasyon istorik sa a konsidere lide, opinyon ak eksperyans tout Nouyòkè yo. Toune ekout edikatif la bay yon fason pou asire kominote yo, sitou sa yo keyo abandone istorikman yo, yo okouran de finansman

ki disponib yo, epi yo gen yon vwa kote pwojè enpòtan nou chèche avanse pou asire yon estil lavi ki pi pwòp ak an sante pou rezidan yo ak biznis yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Angaje ak Nouyòkè yo nan tounen nan 10 pwen an te bay opinyon enpòtan epi te kreye koneksyon enpòtan ant ekspè eta yo ak kominote yo konsènan gwo finansman ki disponib atravè Lwa sou Obligasyon an. Pwosesis kolaboratif sa a te ankouraje sansibilizasyon [Ekip Asistans Kominotè](#) (Community Assistance Teams, CAT) EFC a pou konekte ti kominote rural yo ak kominote ki defavorize yo ak opòtinite finansman pou enfrastrikti dlo ak egou, epi nou anvi ede kominote yo antreprann pwojè enpòtan yo."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)